



Conférence Episcopale d'Haïti CEH

56, Angle Rues Piquant et Lamarre, Champ-de-Mars, HT 6110, Port-au-Prince, Haïti (W.I.)
Tél. : (509) 3701-2232 / 3701-2215 / 3388-7304
e-mail : ceh56@hotmail.com / URL : <http://eglisecatholiquedhaïti.org>

MESAJ NWÈL 2025 KONFERANS EVÈK AYITI YO VOYE BAY PÈ YO, RELIJE YO, RELIJEZ YO GASON AK FANM BÒN VOLONTE YO

« *Limyè Jezikri a klere nan fènwa nou yo* » (Jan 1, 5)

Frè ak sè nou yo,

1. Fèt Nesans Jezikri a ak fèt Ane tou nèf la prèske rive. Je nou deja fikse sou mistè Enkanasyon an pandan n ap gade pèp nou an ki nan malè, k ap mache nan fènwa, ki pote anpil doulè ak soufrans nan kè li. Pandan n ap sonje Nwit ki apa a, nwit kote zanj yo t ap anonse bon nouvèl nesans Sovè a (cf. *Lik 2, 11*), nou menm Evèk katolik Ayiti yo, nou deside voye ba nou yon mesaj lapè, renmen ak lesperans. Nou ta renmen pou mesaj Nwèl 2025 ak Ane tou nèf 2026 sa a rive jwenn nou nan diyite nou ak kapasite nou genyen pou n leve kanpe, pandan n ap poze aksyon pèsonn pa t ap espere.

2. Pitit Bondye a fèt nan yon sitiyasyon povrete. Li fèt nan yon krèch fènwa. Li pa jwenn ni yon kay ni yon kote pou akeyi li. Jezi fèt nan yon mond chaje soufrans ak pèrèz. Imaj sa a se yon parabòl ki rejwenn reyalite n ap viv isit nan peyi pa nou.

3. Mistè Enkanasyon an, Pitit Bondye ki tounen moun nan mitan nou an, pouse nou kwè nan lesperans, yon fason espesyal nan Ane jibile Lesperans sa a ki pral fini anvan lontan. Reyèlman vre, Pitit Bondye a ki tounen moun nan akonpli pwomès Bondye te fè pou l bay pèp li a ak tout limanite a yon avni ak yon esperans (cf. *Jeremi 29, 11*). Konsa, Pitit Bondye a ki tounen moun nan, vin tounen esperans nou (cf. *1 Tm 1, 1*). Pwomès sa a, li pou nou tou, nou menm pèp Ayisyen. N ap tann li fin reyalize nèt nan istwa nou ak nan lavi nou kòm pèp k ap soufri depi byen lontan.

4. Kòm pastè, gadyen pèp Bondye a, nou pa kapab bouche je nou pou n pa wè sitiyasyon trajik pèp nou an ap viv la. Sitiyasyon malouk sa a di nou anpil bagay. Li pouse nou lanse yon apèl chaje ak esperans. Mande nou viv nan lesperans pa vle di nou se moun k ap reve je klè, moun ki pa vle aksepte reyalite a. Nou lanse apèl sa a kòm yon aksyon responsab ki chita sou lafwa, aksyon moun k ap chèche solisyon solid ak tout kè nou. Nou se « Pèleren lesperans ». Nou pa dwe tankou moun ki chita sèlman ap asiste evenman n ap viv jodiya tankou bagay ki pa di nou anyen, bagay ki lwen nou. Nou se aktè k ap travay, k ap chèche jwenn chemen ki debouche sou yon vrè demen miyò.

5. Kalamite nasyon an ap travèse yo blese idantite nou kòm pèp. Men, nan moman li pi fè nwa yo, lafwa nou, kòm kretyen, envite nou leve je nou gade Sila a k ap vini an, Limyè nasyon yo, Jezikri, Sila « Papa a voye pou geri epi sove ras lèzòm nan ». Vini Jezi vini sou tè a fè nou kite tout lespri rayisans ak vyolans ; li louvri yon chemen limyè nan mitan fènwa a. Se limyè sa a menm ki pèmèt nou kwè, jodiya ankò, fènwa a p ap janm dènye etap nan istwa nou. Bondye renmen tout moun, mal la p ap ranpòte laviktwa.

6. Poutèsa, nou envite chak moun, dapre vokasyon l ak responsablite li, pou tounen moun k ap travay pou lapè : pè yo, chè frè ak chè sè yo, layik yo, jèn yo ak granmoun yo. Se pou nou chak tounen yon reyon renmen ak yon siy fratènite nan mitan difikilte n ap viv nan moman sa a. Egzanp kalifikasyon Seleksyon nasyonal foutbòl nou an – viktwè nou felisite epi ankouraje – moutre nou, menm nan sitiyasyon difisil, pèp nou an gen yon kapasite ekstrawòdinè pou l fè depasman lè l chwazi mete tèt ansanm epi fè solidarite. Sikses sa a fè nou sonje pa gen okenn fènwa nou pa ka kraze.

7. Devan gwo kriz anndan enstitisyon Leta nou yo ki parèt klè devan je nou, devan ijans sekirite a tankou devan vyolans estriktirèl k ap minen sosyete nou an, nou envite tout fòs vivan nasyon an : reskonsab politik yo, aktè sosyal yo, enstitisyon piblik ak prive yo, pou yo depase tout enterè patizan, pou yo bay lapè piblik ak respè diyite moun priyorite. Okenn desizyon, okenn pawòl ni okenn aksyon pa dwe plonje peyi nou an pi fon nan vyolans ak latroublay.

8. Konsa, lè nou apiye nou sou prensip ki admèt Konstitisyon an se manman tout lwa nan sa ki gen pou wè ak òganizasyon peyi a epi ki plase pi wo tout lòt lwa yo nan sa ki konsène estabilite jiridik, ki ofri prensip estabilite ki ale nan sans kontrè ak dezòd, nou mande aktè nan tout tandans pou yo kite Kontitisyon 1987 la gide yo epi swiv lojik bon jan tradisyon ayisyèn nan lavèy jou 7 fevriye 2026 la, dat manda Konsèy Prezidansyèl Tranzisyon an (KPT) ap fini.

9. Kanta pou eleksyon yo nou ta renmen k reyalize nan respè prensip demokrasi, transparans ak patisipasyon tout moun nan, y ap rive fèt konsa sèlman si otorite Leta yo travay san pran souf pou tabli yon klima sekirite sou tout teritwa peyi a. Sekirite a se premye kondisyon pou nou rive fè yon eleksyon ki byen prepare. Tout moun ap pale sou sa. Se aktè nasyonal ak entènasyonal yo ki pou degaje yo poze aksyon ki dwe ede kreye kondisyon sa a ki obligatwa pou eleksyon jeneral rive byen dewoule anndan peyi a.

10. Jan Pap Léon XIV deklare l la, « chemen ki mennen nan lapè a mande kè ki fòme pou rekonèt byen tout moun ». Sou wout k ap mennen nan lapè ak eleksyon an, nou mande yon nouvo lidèchip, ki chita sou onètete, sèvis ak sakrifis. Yon angajman sitwayen toutbon kapab rive menm fè w aksepte pou w mati. Se pa yon mati nan sans lanmò fizik, men yon kalite sakrifis ki anrasinen nan laverite ki koute chè. Anfèt, sa mande kouraj pou abandone privilèj yo pou sèvi pèp la pito. Ayiti bezwen gason ak fanm ki kapab di non ak kòripsyon, ki kapab reziste devan lajan fasil, refize manipilasyon tout kalite epi vin tounen sèvitè byen kolektif la, byen pou tout moun nan.

11. Nou dwe mete enstitisyon demokratik yo an mach prese prese epi travay pou nou konstwi yon peyi kote se lòd, lajistis ak lapè k ap kòmande.


12. Nou konfye Ayiti nou renmen anpil la nan men Jezikri, Prens lapè a. Se pou limyè nesans Sovè a klere kote n ap mete pye nou epi limen flanbo lesperans la nan kè nou chak pou yon Ane tou nèt k ap pote chanjman nou tout swete pou peyi nou an.

13. Se pou Lavyèj Mari, Manman Bondye epi Manman pèp nou an, pwoteje nasyon an, konsòle kè ki nan lapenn yo epi soutni sila yo k ap travay pou lapè !

Bòn fèt Nwèl 2025 epi Bòn Ane 2026 nan lapè Jezikri a !

Mesaj sa a soti nan Kay kote Evèk Katolik peyi Ayiti yo konn reyini, jou ki 8 desanm 2025 la, Solanite fèt Imakile Kosepsyon Lavyèj Mari.

Men siyati Evèk Katolik Ayiti yo ki siyen l :



Monseigneur Max Léroys MESIDOR
Achevèk Pòtoprens
Prezidan CEH


Monseigneur Pierre André DUMAS (an Konvalesans)
Evèk Ansavo ak Miragwan
Visprezidan CEH



Monseigneur Joseph Gontrand DECOSTE, SJ
Evêque Jérémie
Secrétaire Général CEH


Monseigneur Désiré JEAN
Evêque Ench
Économiste CEH



Monseigneur Chibly LANGLOIS
Evêque Okaï
Conseiller


Monseigneur Marie Erick Glandas TOUSSAINT
Evêque Jâkme



Monseigneur Launay SATURNE
Achevêque Okaï Ayisyen


Monseigneur Charles Peters BARTHELUS
Evêque Pòdepè


Monseigneur Yves Marie PEAN, CSC
Evêque Gonayiv


Monseigneur Sander LOUIS-JEAN
Evêque Oksilyè Pòtoprens


Monseigneur Quesnel ALPHONSE, SMM.
Evêque Fòlibète


Monseigneur Wismick JEAN-CHARLES, SMM.
Evêque Oksilyè Pòtoprens

